

Pwogram Sipleman Lwaye SEP

Fèy Enfòmasyon

Kisa Pwogram Sipleman Lwaye SEP a ye?

Pwogram Sipleman Sòti Espesyal ak Prevansyon (Special Exit and Prevention Supplement, SEPS) ka ede adilt ki poukонт yo ak fanmi adilt (fanmi ki pa gen timoun) ki kalifye ki gen risk pou antre nan chèltè ak moun ki nan chèltè deja jwenn yon chèltè pèmanan. Kantite fanmi ki ka apwouye pou resevwa Sipleman Lwaye SEPS yo pral limite paske nou pa gen anpil finansman disponib. Yo pral konekte gress adilt ak fanmi adilt yo ak SEPS (òganizasyon ki baze nan kominate a), ki pral ede fanmi an ranpli yon aplikasyon ak jwenn lojman. Pou fanmi ki nan chèltè yo, espesyal lojman ak manadjè dosye Depatman Sévis Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) Vil New York pral disponib pou bay sévis tou:

Kisa ki kondisyon pou kalifye yo?

Premyèman, fanmi yo dwe klase nan youn nan kat (4) kategori sa yo:

- Gen yon moun ki: (1) abite nan yon chèltè DHS nan nenpòt ki lè ant 2/1/17 ak 2/1/18 epi kounye a l ap abite nan yon chèltè DHS Adilt Selibatè (Shelter for Single Adults), oswa (2) abite nan yon chèltè DHS kounye a pou Fanmi Adilt (Shelter for Adult Families), epi:
 - nan 12 mwa ki sot pase yo li antre nan sistèm chèltè DHS lan, yo te mete li deyò oswa li te kite yon kay nan Vil New York yo ta pral mete degèpisman oswa li te oblige kite kay la paske yo te pase lòd nan yon ajans Vil la pou li kite oswa yo te sezi kay la oswa pou rezon sekirite ak sante yon ajans vil la te deklare, OSWA
 - te nan sèvis fòs lame Etazini anvan oswa l ap sèvi nan moman an; OSWA
 - (Adilt Selibatè sèlman) ki te soti nan sistèm chèltè DHS nan yon pwogram tretman pou abi dwòg/alkòl, pwogram oswa etablisman rezidansyèl ki gen lisans oswa opere nan Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) Eta New York oswa Biwo pou Abi Dwòg ak Alkòl (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services) Eta New York, plasman nan fanmi dakèy oswa prizon.
- Gen yon moun yo te sètifye kòm yon viktim yvolans nan kay nan Administrasyon Resous Imèm (Human Resources Administration, HRA) epi ki swa l ap viv nan yon chèltè DHS pou Adilt Selibatè oswa yon chèltè DHS pou Fanmi Adilt epi ki pa te refize plasman nan yon chèltè HRA epi ki abite nan yon chèltè HRA epi li te rive nan limit tan maksimòm pou viv nan yon chèltè HRA epi li gen risk pou antre nan yon chèltè DHS pou Adilt Selibatè oswa yon Chèltè DHS pou Fanmi Adilt.
- Li gen risk pou li antre nan yon chèltè DHS pou Adilt Selibatè oswa yon chèltè DHS Fanmi adilt epi ak 12 mwa ki sot pase yo ki te degèpi oswa ki te viv nan yon rezidans nan Vil New York ki te oswa pral nan degèpisman, yo te pase lòd nan yon ajans Vil la pou li kite oswa yo te sezi kay la oswa pou rezon sekirite ak sante yon ajans vil la te deklare.
- Gen yon moun ladan ki gen risk pou li antre nan yon chèltè DHS pou Adilt Selibatè oswa pou Fanmi Adilt epi moun nan te nan oswa nan sèvis fòs lame Etazini.

Dezyèmman, kay la dwe genyen:

- yon dosye Èd Piblik ki Aktif oswa ki gen yon Sèl Pwoblèm; ak
- yon revni kay ki pa depase 200% nan nivo federal povrete a.

Finalman, moun nan kay la dwe jwenn yon kontra-lwaye pou yon rezidans, oswa li de jwenn yon akò alekri pou lwe yon rezidans.epi lwaye a dwe nan nivo lwaye SEPS a epi li gen pwoteksyon pou yo pa ogmante pri lwaye a pou omwen yon (1) ane, eksepte jan lwa ak règ stabilizasyon lwaye oswa Depatman Lojman ak Developman Iben (Department of Housing & Urban Development) mande sa.

Konbyen tan pwogram nan ap dire?

Depi gen finansman pou pwogram lan rete disponib epi fanmi an rete kalifye, apre premye ane pwogram lan, fanmi ka resevwa jiska kat (4) renouvèlman sipleman lwaye SEPS pou yon ane chak; ak plis renouvèlman endefiniman pou yon ane chak, depi fanmi an rete yon manm:

- ki resevwa sekirite sosyal pou andikap (Social Security Disability, SSD) oswa revni sekirite siplemantè (Supplemental Security Income, SSI) oswa ki resevwa avantaj pou avantaj sa yo selon yo andikap ki dokimante; OSWA
- ki resevwa avantaj andikap federal pou veteran.

Konbyen yon kay ki kalifye dwe peye pou lwave

Yon fanmi ki enskri nan SEPS dwe kontribye 30% nan revni fanmi li pou yon apatman oswa \$50 pou lwe yon chanm. Si ou resevwa yon alokasyon pou chèltè nan èd piblik chak mwa ou, sa pral garanti tout kontribisyon ou pou yon chanm epi li pral garanti yon pati nan kontribisyon ou pou yon apatman. Yo etabli kantite lajan nan kontribisyon fanmi ou pou ane a lè ou siyen kontra lwave ou epi yo p ap chanje li pandan premye ane a nan pwogram SEPS la la, men yo pral revize li pandan renouvelman anyèl ou pou pwogram lan. Revni total fanmi an gen ladan revni ou te touche ak revni yo kalkile alavans, tankou SSI / SSD.

Ou pa ta dwe peye ni lwave ki plis pase kantite lajan kontribisyon chak mwa ou a, ni pa ta dwe peye okenn depo sekirite oswa frè koutye. (Vil la ap emèt depo garanti sekirite ak koutye a, si sa aplikab.) Yo rele peman sa yo akò sou kote epi yo entèdi dapre pwogram SEPS la. Si nenpòt moun mande ou pou fè yon peman konsa, ou ta dwe rele nimewo 311 oswa 929-221-0043.

Ki kantite lajan èd nan lwave a ki disponib?

Pwogram SEPS la gen anpil fleksibilite epi kapab sipòte ou pou fè tranzisyon yon fanmi al abite nan apatman ki gen kontra lwave oswa lwe yon chanm.

Si ou pral viv nan yon apatman kantite Sipleman Lwave SEPS ou a pral tou depann sou revni fanmi ou ak konbyen moun ki nan fanmi ou. Kantite lwave maksimòm yo endike nan tablo anba a. Tanpri sonje pwopriyetè yo pa gen pèmisyon pou yo fè ou peye okenn frè ki pa sa ki endike legalman nan kontra lwave a. Pwopriyetè yo entèdi nan chaje ou plis lajan pou chofaj ak dlo cho.

Tout kontra lwave yo se ant ounenm ak mèt kay ou, epi Vil la pa yon pati nan kontra lwave a.

Table Lwave Maksimòm Pwogram SEPS la

Kantite Moun ki nan Kay la	1	2	3	4
Pri Lwave Maksimòm	\$1,213	\$1,268	\$1,515	\$1,515

SEPS Egzanp

Sa a se yon egzanp nan kontribisyon lokatè a ak kantite sipleman lwave a. Yo pral baze kontribisyon fanmi an ak kantite lwave maksimòm sou revni fanmi ou ak konbyen moun nan fanmi an.

Kantite moun kay la: 2

Pri maksimòm lwave:	\$1,268
Revni Fanmi an pa Mwa	\$1,320
Kontribisyon Lokatè a Chak Mwa	\$396
Sipleman Lwave Chak Mwa	\$872

Si ou ap al viv nan yon chanm lwe:

Lwave maksimòm pou yon chanm ou lwe se \$800 sipleman lwave SEPS la ap diferans ant lwave ou a (jiska \$800) ak kontribisyon lokatè a bay pou fanmi an chak mwa.

Kijan yon fanmi kapab jwenn yon apatman oswa chanm ak siyen yon kontra lwave oswa lòt kalite akò lwave?

Founisè SEPS la ap eksplike kliyan an pwogram SEPS la ak plis detay epi ede yo jwenn yon apatman oswa chanm SEPS ki kalifye. Pou fanmi ki nan chèltè yo, espesyal lojman ak manadjè dosye pral disponib pou bay èd tou.

Si yon fanmi ap lwe yon chanm, lokasyon an dwe satisfè kritè sa yo:

- Apatman an pa kapab gen plis pase 3 chanm ak pa plis pase 3 adilt ki pa fanmi (ki gen ladan fanmi SEPS la) ki kapab rete nan apatman an ansanm.
- Si ou ap lwe yon chanm nan men yon pwopriyetè, chanm lan pa kapab nan yon apatman ki gen egzjans Estabilizasyon Lwave.
- Si ou ap lwe yon chanm nan men lokatè prensipal la nan yon apatman, lokatè prensipal la dwe abite nan apatman fanmi SEPS la epi lwave a pa kapab plis pase pòsyon pwopòsyonèl fanmi SEPS la kontribye nan lwave a ki baze sou kantite chanm yo.

Fanmi ki apwouve pou SEPS yo ka kalifye pou resevwa yon alokasyon pou mèb epi yo ta dwe travay avèk manadjè dosye yo nan chèltè yo pou fè aranjman pou asistans pou demenaje. Pwopriyetè k ap lwe apatman yo ap resevwa kat (4) mwa lwave (oswa yon (1) mwa lwave konplè ak yon lòt twa (3) mwa lwave), ansanm ak yon bon garanti.

Ki èd pwopriyetè ak fanmi yo ka resevwa lè yo patisce nan pwogram nan?

- San Apèl pou Asistans ak Lwave (Rental Assistance Call Center) HRA a, ki disponib nan 929-221-0043, ka ede pwopriyetè ak lokatè jwenn enfòmasyon pwogram, referans swivi ak kesyon peman.
- Fanmi ki te kite yon chèltè HRA ta dwe rele 929-221-7270 pou yo konekte nan yon pwogram non rezidansyèl ki baze nan kominote a.

Enfòmasyon ki nan feyè deskripsiun pwogram sa a bay yon apèsi jeneral sou pwogram sipleman lwave SEPS la. Enfòmasyon yo pa la pou bay tout detay konsènan operasyon pwogram nan.